



Office for People With Developmental Disabilities



Reyalite Debaz sou Ensidan ak Envestigasyon



(866) 946-9733 | Sistèm Relè NY 711
www.opwdd.ny.gov

Reyalite Debaz sou Ensidan ak Envestigasyon

Kontni

Angajman OPWDD nan Pwoteksyon	4
Kat Kalite Ensidan	6
Rapòte	8
Notifye Fanmi ak Defansè yo	9
Demann Enfòmasyon	9
Envestigasyon Ensidan yo	12
Pou Ou Kapab Yon Defansè Efikas Lè yon Ensidan Rive.....	12
Travay Ansanm Pou Prevni Ensidan nan Lavni.....	13

OPWDD: Mete Moun an Premye



Angajman OPWDD nan Pwoteksyon

Misyon OPWDD se ede moun ki gen andikap devlopmantral viv yon lavi ki pi rich. Yon pati enpòtan nan akonplisman misyon sa a se pwoteje moun kont mal. OPWDD gen anpil règleman ki gouvènè pwovizyon sipò ak sèvis san danje pou Nouyòkè ki gen andikap devlopmantral ak aktivite sipèvizyon regilye pou kontinye egzamine ak amelyore kalite sèvis yo. Sepandan, si gen yon pwoblèm, OPWDD ak Sant Jistis Eta New York pou Pwoteksyon Moun ki gen Bezwen Espesyal yo administre yon pwogram solid pou revizyon ensidan, investigasyon ak aksyon korektif ki ede korije sityasyon danjere epi amelyore eksperyans ak sekirite moun yo.

Tit 14 nan Kòd, Règ ak Règleman Eta New York, Pati 624, mande pou yo pran mezi lè yon moun viktim yon evènman danjere, tankou abi, neglijan, move tretman, blesi oswa erè nan medikaman. Li mande:

- Rapòte sèten ensidan bay Sant Jistis Eta New York la
- Rapòte ensidan an bay OPWDD
- Bay swen imedyà ak pwoteksyon
- Envestige sou ensidan an
- Pran mezi pou anpeche evènman menm jan an rive ankò
- Etabli pwosedi ak fòmè anplwaye yo pou anpeche evènman menm jan an rive nan lavni

OPWDD: Mete Moun an Premye

Kat Kalite Ensidan

OPWDD te etabli kat kalite ensidan sa yo:

Ensidan Abi ak Neglijans ki dwe Rapòte

Sikonstans abi fizik, seksyèl ak sikolojik, ak lòt konduit ki entèdi tankou itilizasyon espre kontrent ak neglijans

Ensidan Enpòtan ki dwe Rapòte

Ka evènman tankou erè medikaman ki lakòz efè negatif, itilizasyon izòlman, move tretman, moun ki disparèt ak toufe

Evènman Remakab Grav

Ka sitiyasyon sansib ak lanmò

Evènman Minè Remakab

Sikontans tankou blesi ki mande tretman medikal oswa dantè ki ale pi lwen pase premye swen, tankou vòl ak eksplwatasyon finansye

Remak: Okazyonèlman, yon ensidan ka re-klasifye apre yo dekouvri enfòmasyon adisyonèl sou sitiyasyon an.



OPWDD: Mete Moun an Premye

Rapòte

Tout founisè sèvis yo dwe rapòte sa ki annapre yo bay OPWDD:

- Ensidan Abi ak Neglijans ki dwe Rapòte
- Ensidan Enpòtan ki dwe Rapòte
- Evènman Remakab Grav

Founisè yo dwe kapab aprann tou epi reponn ak yon Evènman Minè Remakab e nenpòt sitiyasyon ki kapab danjere ki pa monte nan nivo yon Ensidan pou Rapòte oswa yon Evènman Remakab Grav.

Ensidan Abi e Neglijans ki dwe Rapòte ak Ensidan Enpòtan ki dwe Rapòte ki fèt nan pwogram ak sèvis OPWDD sètifye oswa opere yo dwe rapòte bay Sant Jistis la ansanm ak OPWDD.

Rapòte Abi oswa Neglijans

Pou rapòte sitiyasyon abi oswa neglijans, ou ka kontakte:

- Ajans ki bay sèvis k ap sipòte moun nan, oswa
- Inite Jesyon Ensidan OPWDD a nan 518-473-7032 nan lè travay regilye oswa lè pa gen travay nan 1-888-479-6763, oswa
- Liy dirèk 24 sou 24 Sant Jistis Eta New York pou rapòte Abi, Neglijans ak Ensidan Enpòtan nan 1-888-373-2122.

Notifye Fanmi ak Defansè yo

Lwa Jonatan an ak Règleman Pati 624 OPWDD a egzije pati ki **kalifye yo resevwa notifikasyon telefòn** pou tout ensidan pi vit posib apre yo rive. Pati ki kalifye yo enkli:

- Moun k ap resevwa sèvis la
- Gadyen legal yo oswa paran, konjwen, timoun adilt oswa frè ak sè adilt ki gen otorite pou jwenn aksè nan dosye klinik yo. (Lwa l'jyèn Mantal Seksyon 33.16)

Yo dwe ofri pati sa yo tou yon reyinyon ak direktè ajans lan oswa reprezantan yo pou diskite sou ensidan an.

Règleman yo nan Pati 624 la egzije tou pou yon moun ki pa satisfè definisyon yon pati ki kalifye, men ki sèvi kòm yon defansè (pafwa yo rele yo korespondan) pou yon moun k ap resevwa sèvis yo, dwe okouran tout ensidan yo.

Yon defansè kapab yon moun ki kalifye tou, men sèlman si li satisfè kritè ki anwo yo pou moun ki kalifye.

Gen lòt pwosedi anplas pou notifikasyon ki enplike manm klas Willowbrook yo.

Demann Enfòmasyon

Yon moun ki kalifye ak defansè ki resevwa avi sou yon ensidan ap resevwa otomatikman yon Rapò sou Mezi ki Pran (Fòm 148 OPWDD a) nan espas 10 jou apre rapò inisyal la fin fèt.

Yon moun ki kalifye ak defansè ki resevwa avi sou yon ensidan ka mande premye rapò ensidan an (OPWDD 147) lè li soumèt yon demann alekri (lèt oswa imèl) bay founisè sèvis ki rapòte ensidan an.

OPWDD: Mete Moun an Premye

Ki Moun ki Ka Mandè	Enfòmasyon Yo Ka Mandè	Lè yo Bay li
Moun ki Kalifye, Defansè	Kopi Rapò a sou Ensidan an (Fòm 147 OPWDD a)	Sou demann alekri (lèt oswa imèl)
Moun ki Kalifye, Defansè	Kopi Rapò a sou Mezi ki Pran (Fòm OPWDD 148)	Nan 10 jou apre premye rapò a
Moun ki Kalifye	<p>Kopi enfòmasyon siplemantè :</p> <ul style="list-style-type: none"> • rapò investigasyon an oswa • dosye konplè investigasyon an 	<p>Sou demann alekri (lèt oswa imèl):</p> <p>Nan 21 jou apre ensidan an te fèmen oswa</p> <p>Nan 21 jou apre demann lan si ensidan an deja fèmen</p>

Dapre Lwa Jonatan an (Lwa Ijyèn Mantal 33.25), yon moun ki kalifye ka mande dosye adisyonèl konsènan Ensidan Abi ak Neglijans epi Ensidan Enpòtan ki dwe Rapòte. Ou dwe fè demann sa a alekri bay ajans k ap bay sèvis la. Defansè yo pa gen dwa pou jwenn enfòmasyon sa yo. Tout founisè sèvis yo dwe retire oswa efase non ak enfòmasyon idantifikasyon nenpòt moun k ap resevwa sèvis (ki pa moun ki enplike dirèkteman nan evènman an) ak anplwaye yo.

Remak: *Si yo reklasifye yon ensidan apati klasifikasyon orijinal li, y ap bay enfòmasyon ki baze sou klasifikasyon final ensidan an.*

Si yo te refize bay yon moun ki kalifye dosye ki gen rapò ak yon investigasyon sou yon ensidan ki dwe rapòte (Abi ak Neglijans, Ensidan Enpòtan), moun nan ka kontakte:

Ajan Apèl Dosye Ensidan OPWDD
44 Holland Avenue
Albany, NY 12229



OPWDD: Mete Moun an Premye

Investigasyon Ensidan yo

Chak ensidan (enkli ka yo) dwe byen envestige.

Investigasyon an pral rasanble enfòmasyon ki soti nan plizyè sous epi prepare yon rapò.

Investigasyon sou akizasyon Abi ak Neglijans pral konkli tou si akizasyon an "fonde" oswa "san fondman" ki baze sou preponderans prèv yo.

Komite Revizyon Ensidan ajans lan revize ensidan an, asire ankèt la apwofondi epi, si sa nesèsè, detèmine lòt aksyon ki dwe pran pou prevni lòt ensidan alavni.

Pou ou Kapab yon Defansè Efikas Lè yon Ensidan Rive

Defans nan men fanmi ak zanmi yo enpòtan anpil pou asire moun ki gen andikap devlopmantral yo gen yon vwa nan lavi yo. Enkyetid konsènan ensidan yo ta dwe diskite ak direktè ajans lan oswa reprezantan yo. Lè yon envestigasyon sou Abi oswa Neglijans nan yon pwogram sètifye OPWDD ap fèt, defansè yo ka jwenn sipò atravè Sèvis Legal Ijyèn Mantal la (MHLS). Defansè yo ka kontakte Inite Jesyon Ensidan OPWDD a tou pou kesyon sou pwosesis la, sepandan gen limit sou enfòmasyon spesifik yo ka bay lè ankèt la toujou sou pye.

Ki Moun pou w Kontakte pou Kesyon oswa Enkyetid konsènan yon Investigasyon

- Direktè ajans k ap bay sèvis la
- Sèvis Legal Ijyèn Mantal – <https://nycourts.gov/ad3/mhls>
- Inite Jesyon Ensidan OPWDD a – 518-473-7032

Travay Ansanm pou Prevni Ensidan nan Lavni

Pati ki kalifye yo, defansè yo, responsab swen yo, moun ki resevwa sèvis yo ak founisè sèvis yo dwe travay ansanm pou mete an plas plan sèvis ki sèvi moun yo byen epi kenbe yo an sekirite. Yo ta dwe diskite sou pwoteksyon oswa entèvansyon espesifik ki ka bezwen. Diskisyon sa yo ta dwe fèt kòm yon pati nan pwosesis planifikasyon ki santre sou moun nan oswa nenpòt lè enkyetid parèt. Diskisyon yo ta dwe revize faktè ki ka kontribiye tankou:

- Orè regilye chak jou ak chak semèn moun nan
- Nenpòt chanjman ki fèt nan konpòtman oswa konduit moun nan
- Nenpòt pwoblèm sante fizik oswa ijyèn
- Evalyasyon klinik oswa medikal oswa entèvansyon ki ka itil
- Nivo sipèvizyon moun nan
- Fòmasyon anplwaye yo
- Kondisyon nan anviwònman oswa sityasyon lavi a

**Pou plis enfòmasyon sou Ensidan ak Envestigasyon,
tanpri konsilte sitwèb OPWDD a
www.opwdd.ny.gov/providers/incident-management**



**Office for People With
Developmental Disabilities**

Pou plis enfòmasyon, tanpri konsilte sitwèb OPWDD a:

www.opwdd.ny.gov

Yon piblikasyon Biwo Kominikasyon OPWDD Eta New York
44 Holland Ave., Albany, NY 12229

(866) 946-9733 | Sistèm Relè NY 7111